




KURIMWA KWE SHUGA BHINZI (SUGAR BEANS) ZVINOENDERANA NEKUSHANDUKA KWEMAMIRO EKUNZE



1. Zvakankira kurima shuga bhinzi (sugar bean)


- Chirimwa chakakosha chinounza mari
- Dzinosisimudzira kuorera kwevhu kuburikidza nekugadzirisa nitrogen
- Dzinobatsira kuwanisa ma protein mumuviri
- Dziri nyore kurima nekushandisa zvinhu zvakakodzera uye nesimba murimi anokohwa pakuru



Zvakakosha kuwongorora mhando yeivhu


2. Mamiro ekunze nemhando re ivhu rinodikanwa

- Dzinokanganiswa ne chando
- Hadziiti zvakanka muvhu rine acid
- PH yevhu inofanira kuva 5.0 - 6.5
- Rhizobia supplements anobatsira kugadzira midzi uye kugadzirisa nitrogen



3. Nguva yekudyara

- 5 Kukadzi kusvika 15 Kubvumbi muLowveld (pachishandiswa madziridziro)
- 15 Ndira kusvika 15 Kukadzi (Middle veld)
- Mushure menguva yechando munzvimbo dzinotonhora (kupera kwaChikunguru kusvika 15 Nyamavhuvhu)




4. Marimiro

- Rima pauri kuda kudyara bhinzi ne badza, nemombe kana kushandisa tarakita
- Zvakakosha kurima bhinzi uchiita chirongwa chekushandura uchimborima zvimwe zvirimwa
- Kuchinjani bhinzi nechibage
- Shandisa mihomba kana mitsara



5. Kudyara

- Mbeu yemhando yepamusoro inoita kuti mbeu iwedzere kumera dyara 100-120kgs yembeu pahekita
- Dyara mumitsara yakaparadzana 20-30 masendimita, dyara mhodzi muchisiya mukana unotangira pa 5-7 masendimita pakati pe mhodzi imwe neimwe
- Dyara mbeu dzako muvhu uchidzikisa kubva pa 2.5-5 sentimita pasi muvhu
- 250 - 300,000 zvirimwa pahekita



6. Fotereza

- Mhando dzefotereza dzebasal dzinoshanda: Compound D (200 - 300kg/ ha), Cereal Blend (150 - 250kg/ ha), uye Double D (100 - 150 kg/ ha)
- Mupfudze unokwanisa kushandiswa pachinzvimbo chefotereza une huwandu hwematani mashanu kusvika kugumi pahekita
- Huwandu hwe fotereza hunoenderana nezvawanikwa pakuongorora ivhu
- Shandisai mhando ye fotereza ye ammonium nitrate (AN) mavhiki maviri kusvika kumavhiki mana dzisati dzatanga kuita maruva. Fotereza inokurudzirwa kuti iite 150 - 200kg/ ha paivhu nyoro
- Fotereza inofanira kuiswa mbeu isati yaiswa, kudzivirira kusangana kwe fotereza nembeu





FEED THE FUTURE

The U.S. Government's Global Hunger & Food Security Initiative




7. Madiridziro

- **Kumera:** diridzai mapedza kana musati madyara
- **Maruva/kutumbuka:** diridza zvakanakwana bhinzi dzacho dzisati dzatanga kuita maruva nechinangwa chekudzivirira kudiridza mbesa inenge yatumbuka
- **Kana dzava kubereka:** diridza zvakananira mushure mekutumbuka Munofanirwa kuchiregedza kudiridzira



8. Kubvisa sora

- Bvisa sora kuitira kuderredza makwikwi ekudya kunovaka muviri, mvura, chiedza chezuva nenzvimbo
- Munokwanisa kubvisa sora kuburikidza nekusakurira kana kushandisa mushonga unouraya sora wemakemikari, kana zvese
- Sarudza mushonga wesora unoenderana nemhando dzesora, kushandura zvirimwa zvekurima pamwe nemitengo yemishonga yacho




9. Mishonga inouraya tupakanana nezvirwere

- Gara uchitarisa zvipembenene
- Bean stem maggot, aphids, red spider mite, cutworm uye blister beet nditwo twupukanana tunonyanyo zivikanwa nekukanganisa bhinzi
- Isa mushonga we Apron Star pa mbeu kuitira kuderredza zvirwere
- Isa mishonga yezvipembenene inoenderana ne shuga bhinzi




10. Kukohwa

- Kohwa kana mashizha ne bhinzi zvaoma uye kana zvava neruvara rwe yero ne bhurawuni
- Kohwa kuburikidza nekutanha zvirimwa nemaoko uchiwunganidza kuita murwi
- Womesai bhinzi kana dzawoma mochidzipura, mochichenesa bhinzi modziwomesa zvekare, dzichengeterei mumasaga



11. Mbeu yekushandisa mwaka unotevera

- Musati matengesa sarudzai mbeu yakanaka yechirimwa chemwaka unotevera
- Sarudzo yembeu: yemhando yepamusoro, yakachena, isina zvirwere, haina kutsemuka
- Shuga bhinzi inozvitakura yega uye inogona kushandiswa mwaka mitatu kana mina yekurima musati maunza mbeu itsva.
- Vamwe varimi vanosarudza kuwedzera mbeu itsva yemhando yepamusoro mushure memakore matatu



12. Pundutso kubva mukurima shuga bhinzi

- Hekita imwe chete yeshuga beans inogona kubereka kusvika kumatani maviri nechidimbu (2500kg)
- Misika yekutengesera bhinzi itoriko nechekare
- Shuga bhinzi kana dzikarimwa zvakanaka dzinogona kudzosa huhwandu hwemari yakashandiswa zvapaketwa kaviri nechidimbu kusvika kataatu (2,5 kusvika ku 3) pamari yakadyarwa mukurima



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

Chinyorwa chino chakagadzirwa kuburikidza nerubatsiro kubva kuvanhu vekuAmerica pamwe chete nerutsigiro rwemari kubva kusangano re Feed the Future nere USAID